



Pou Piblikasyon Imedya: 13/12/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE CONNECTALL AP AKSEPTE APLIKASYON POU 644 MILYON DOLA POU ELAJI AKSÈ AK WO DEBI ABÒDAB NAN ETA NOUYÒK

Pwogram deplwaman ConnectALL la pral konekte kay ak biznis yo ki pa gen aksè ak entènèt gwo vitès ki fyab

Avanse angajman Gouvènè Hochul pou aksè ak wo debi inivèsèl, yon mache entènèt solid, ak konble divizyon digital la

Aplikan ki elijib yo dwe [soumèt](#) pwopozisyon yo anvan 7 fevriye, 11:59 PM ET

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a piblikasyon Demann Aplikasyon (Request For Applications, RFA) nan kad Pwogram Deplwaman ConnectALL la ki fè 644 milyon dola nan finansman federal disponib pou elaji aksè ak wo debi ki abòdab, ki gen gwo vitès nan kay ak biznis yo nan Eta Nouyòk ki pa gen okenn opsyon wo debi ki fyab oswa yon angajman ki egziste deja pou sèvis nan kad yon lòt pwogram. ConnectALL te idantifye 69,111 lokal konsa yo ki elijib pou nouvo sèvis dapre Demann Aplikasyon sa a, ak mezi pou asire ke nouvo sèvis wo debi nan kay ak ti biznis difisil sa yo pral aksesib epi abòdab pou tout Nouyòkè yo gras ak egzijans pou opsyon sèvis nan pri ki abòdab. Finansman an reprezante pi gwo pòsyon nan alokasyon 664.6 milyon dola Nouyòk ki soti nan Pwogram Ekite, Aksè ak Deplwaman Wo Debi Administrasyon Telekomunikasyon ak Enfòmasyon Nasyonal Depatman Komès Etazini an, nan kad Lwa sou Enfrastrikti Bilateral 2021 an.

"Entènèt gwo vitès enpòtan menm jan ak elektrisite nan monn jodi a – li enpòtan pou edikasyon, travay, swen sante, epi rete konekte ak fanmi ak zanmi yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a se yon lòt etap enpòtan nan konekte chak kominote atravè eta nou an ak entènèt ki abòdab, ekitab ak aksesib epi asire okenn Nouyòkè pa rete dèyè nan avni dijital nou an."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Pwogram sa a reprezante yon moman enpòtan nan misyon nou pou elaji enfrastrikti wo debi nan chak kwen Eta Nouyòk. Lè nou fasilite patenarya piblik-prive ak envèstisman sible, nou pral kreye opòtinite ekonomik dirab epi ranfòse koneksyon ant kominote nou yo, pozisyon Nouyòk kòm yon lidè nasyonal nan aksè ak wo debi."

644 Milyon dola Disponib atravè Pwogram Deplwaman ConnectALL la

Demann Aplikasyon (RFA) pou Pwogram Deplwaman ConnectALL la aplike Pwopozisyon Inisyal Deplwaman Wo Debi Eta Nouyòk la, ki dekri estrateji pou investiman fason efikas finansman nan Pwogram Ekite, Aksè ak Deplwaman Wo Debi (Broadband Equity, Access, and Deployment, BEAD) pou atire investiman prive epi rive jwenn kote ki pa jwenn sèvis ak kote ki pa jwenn ase sèvis yo RFA a pral finanse pwojè pou konstwi ak enstale enfrastruktir ak ekipman komunikasyon pou bay aksè ak entènèt gwo vitès nan kote ki elijib yo nan zòn sibvansyon yo deziyen yo. Atravè yon pwosesis an plizyè etap, ki angaje founisè sèvis entènèt yo, lidè rejyonal, konte, ak lokal yo, ak piblik la an jeneral, ConnectALL te idantifye kote ki eliji yo epi gwoupe yo an 308 Zòn Pwojè. Enfòmasyon sou Zòn Pwojè yo ak kote ki elijib yo disponib sou sitwèb ConnectALL la.

Aplikasyon ki elijib yo ka jwenn aksè ak RFA [isit la](#) epi yo dwe soumèt pwopozisyon anvan 7 fevriye, 11:59PM ET. Pwosesis Aplikasyon Prekalifikasyon Pwogram Deplwaman ConnectALL la, ki te fèt soti jen jiska septanm 2024, te etabli kalifikasyon sèy pou potansyèl benefisyè sibvansyon yo. Òganizasyon ki pa te konplete pwosesis prekalifikasyon an pral gen yon lòt opòtinite pou soumèt materyèl sa yo kòm yon pati nan repons RFA pa yo.

ConnectALL pral mete prim yo te planifye yo disponib pou kòmantè piblik nan sezon prentan 2025 anvan li soumèt yo bay Administrasyon Telekominikasyon ak Enfòmasyon Nasyonal (National Telecommunications and Information Administration, NTIA) Depatman Komès Etazini an pou apwobasyon disi 25 jiyè 2025. Pwojè yo seleksyone yo prevwa kòmanse an 2025 ak fini nan kat ane, sijè ak apwobasyon NTIA epi yo a baze sou kondisyon delè BEAD yo.

Elaji enfrastruktir dijital Nouyòk la

- Gouvènè Hochul te fè elaji aksè ak wo debi yon poto mitan nan efò administrasyon li a pou kreye yon Nouyòk ki pi ekite. Atravè inisyativ ConnectALL la, Eta Nouyòk ap investiman plis pase 1 milya dola pou transfòme enfrastruktir dijital eta a, amelyore konpetisyon pami founisè yo, epi asire ke chak Nouyòkè gen aksè ak yon entènèt gwo vitès ki fyab, abòdab. Jiska dat, ConnectALL te sipèvizè ak siksè lansman ak aplikasyon plizyè pwogram pou avanse aksè wo debi, tankou:

-[Pwogram Enfrastruktir Minisipal](#) la te bay plis pase 224 milyon dola pou sipòte konstriksyon rezo wo debi minisipal akse gratis atravè eta a. Pwogram nan, ki te finanse prensipalman pa Depatman Trezò Ameriken (U.S. Department of the Treasury) an nan kad Fon Pwojè Kapital (Capital Projects Fund) Plan Sekou Ameriken an, fasilite yon varyete modèl wo debi minisipal ak patenarya piblik-prive pou bay Nouyòkè yo bon jan kalite opsyon sèvis ki abòdab. [Tablobè Pwojè ConnectALL Beta](#) bay detay sou pwojè ki finanse pa Pwogram Enfrastruktir Minisipal la.

-[Pwogram Ekite Dijital la](#) pral investi 50 milyon dola, ki gen ladan yon alokasyon federal ki omwen 37 milyon dola, pou aplike Plan Ekite Dijital Eta Nouyòk la pou konble divizyon dijital la. Plan an dekri estrateji nan tout eta New York la pou ogmante kapasite li pou amelyore alfabetizasyon dijital ak konpetans preparasyon pou travay dijital, fasilite aksè ak entènèt ak aparèy abòdab, amelyore konfidansyalite ak sekirite dijital, epi fè sèvis gouvènman an pi aksesib atravè entènèt.

-[Pwogram Koneksyon Lojman Abòdab la](#) pral pote nouvo enfrastrikti wo debi nan kay yo nan lojman abòdab ak lojman piblik k ap pwofite yon investisman federal 100 milyon dola nan Fon Pwojè Kapital Depatman Trezò Ameriken an. Kounye a pwogram nan aksepte aplikasyon founisè sèvis entènèt ak ekspresyon enterè pwopriyete lojman ak otorite lojman piblik.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)